# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–31 अक्टूबर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रदेस में आजु रोसनी का तिउहार देवाली धूम–धाम से मनावल जा रहलि हौ। येह दिन दीया से घर सजवले के साथे भगवान गणेस अउर माता लक्ष्मी का पूजा कई के धन अउर स्मृद्धि क कामना कइल जाला। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के वनटांगिया गांव जंगल तिनकोनिया नम्बर तीन के निवासियन के साथे परब के खुसी साझा कइलें। इहां मुख्यमंत्री एक बार फेर सामाजिक एकता क मंत्र देत जाति, क्षेत्र अउर भासा के नाम पर सामाज के बांटे वाले लोगिन पर जोरदार परहार कइलें। एकरे पहिले मुख्यमंत्री आजु अयोध्या में हनुमान गढ़ी में बजरंगबली के दरसन–पूजन कइलें। मुख्यमंत्री राम जन्मभूमि मंदिर में भगवान रामलला के पूजा अरचना कइलें अउर लोगिन के सुखी आ स्वस्थ्य होवे के प्रार्थन कइलें। एकरे बाद मुख्यमंत्री अभिराम दास वार्ड के मीरापुर बुलंदी दलित बस्ती पहुंच के मिठाई अउर कपड़ा क उपहार बटलें अउर लइकन के चॉकलेटों दिहलें।

**********

अजोध्या में काल्हि सरजू नदी के तट पर भव्य दीपोत्सव मनावल गइल। येह मौका पर केन्द्रीय संस्कृति अउर पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अलावा अउरियों गणमान्य लोगिन के साथे हजारों लोगि मौजूद रहलें। मुख्यमंत्री कहलीं कि ई बरिस खास हौ काहे से कि पांच सौ सालि के इतेजार के बाद बाईस जनवरी के भगवान राम नया मंदिर में लौट अइली। केन्द्रीय मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत कहलें कि विस्व क नजरिया बदल रहल हौ। जउन गति से देस आगे बढ़ रहल हौ ओह से पूरा दुनिया भारत की ओरि देख रहल हौ। उहां के राम मंदिर में पूजा अरचना कइलीं अउर सरजू आरती में भाग लेहलीं। एकरे पहिले उहां के पर्यटन ऐप लॉन्च कइली अउर अजोध्या के मेयर क किताब क विमोचन कइलें। राज्य सरकार बिहने पचीस लाख से बेसी मिट्टी क दीया जरा के विस्व रेकार्ड बनउलस। एकरे सथहीं एक हजार एक सौ एक्कइस बटुक के साथे आरती कइ के एगो अउर विस्व रेकार्ड बनउलें।

**********

देवाली तिउहार पर आजु लमही के सुभाष भवन में मुस्लिम महिला लोगि भगवान राम के आरती उतरलिन। मुस्लिम महिला फांउडेसन अउर विसाल भारत संस्थान के तत्वावधान में महिला लोगि नफरत फइलावे वाले लोगिन के बढ़हन सनेसो दिहलिन, एकरे पहिले ऊ लोगिन रंगोलियो बनवलिन अउर भगवान राम के मूरति के फूल से सजा के उर्दू में लिखल राम जी के आरती गावत आरती उतरलिन।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने से धान खरीद सुरू हो जाई। पूरबी उत्तर प्रदेस के चित्रकूट, कानपुर, अयोध्या, गोरखपुर, देवीपाटन, बस्ती, आजमगढ़, बनारस, मिर्जापुर अउर प्रयागराज संभाग में बिहने से खरीद सुरू होई। लखनऊ संभाग के लखनऊ, रायबरेली अउर उन्नावो में पहिली नवंबर से धान खरीद सुरू होई जबकि हरदोई, लखीमपुरखीरी अउर सीतापुर में पहिली अक्टूबर से धान खरीद चलि रहल हौ। धान क न्यूनतम समरथन मूल्य दुइ हजार तीन सौ रूपिया अउर ग्रेड–ए क दुइ हजार तीन सौ बीस रूपिया प्रति कुंतल तय कइल गइल हौ।

**********

लौहपुरूष सरदार वल्लभ भाई पटेल क 150वीं जयंती आजु मनावल जा रहल हौ। एह मौका पर राजनीतिक अउर सामाजिक संगठनन के ओरि से ओन्हे सरधांजलि दिहल जा रहल हौ। उप मुख्यमंत्री बृजेश पाठक अउर जलसक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह लखनऊ के हजरजगंज जीपीओ में सरदार पटेल के मूरति पर माल्यार्पण कइलें अउर लोगिन के एकता क सपथ दिवउलें। उहां के कहलीं कि लौहपुरष एकता अउर बंधुत्व क जउन भावना पैदा कइले रहलन ओके भुलाइल नाही जा सकेला। ओहर लखनऊ में सशस्त्र सीमाबल एसएसबी के ओरि से रन फॉर यूनिटी क आयोजन कइल गइल जेहमें एसएसबी के दुइ सौ जवान अउर बीस अधिकारी लोगि जी–20 राहि पर पांच किलोमीटर ले दउड़ लगउलें। जवानन के राष्ट्रीय एकता क सपथ दियावल गइल।

**********

बदायूं जिला के मुजरिया थानाक्षेत्र के मुजरियां गांव के लग्गे आजु भिन्नही एगो ट्रेक्टर ट्राली आ मैक्स पीकप के टक्कर में छह लोगिन क मउति हो गइल अउर पांच लोगि घाही हो गइलें। डीएम निधि श्रीवास्तव अउर एसएसपी डाक्टर बृजेश सिंह मौका पर पहुच के घाही लोगिन के अस्पताल भेजवइलें। एसएसपी बतउलें कि सज्जों लोग मैक्स पीकप में सवार हो के दिल्ली से अपने गांव लौटत रहलें तब्बे ई हादसा भइल। डीएम बतउलीं कि दू घायलन के जिला अस्पताल में अउर तीन घायलन के इलाज राजकीय मेडिकल कॉलेज में चलि रहल हौ।

**********